

PWOGRAM SIKSÈ PARAN Rediksyon Dèt Vil Nouyòk atravè Travay

Foto se yon modèl (yo) itilize pou rezon
ilistrasyon sèlman.

Si w patisipe nan yon pwogram travay Department of Social Services ki kalifye, ou ka diminye dèt sipò timoun ou a pou **jiska \$7,500**.

Èske tout twa (3) pwen yo aplikab pou ou?

- 1 Ou dwe dèt sipò timoun nan Department of Social Services (DSS) Vil Nouyòk;
- 2 Ou te enskri nan yon pwogram travay DSS ki kalifye; epi
- 3 Ou te jwenn yon travay, epi yo retire peman sipò timoun ou nan chèk ou pou omwen twa (3) mwa (yo rele sa "retni revni").

Si tout 3 pwen yo aplikab pou ou, lè sa a, Office of Child Support Services (OCSS) Vil Nouyòk la gendwa kapab bese dèt sipò timoun ou dwe NYC DSS yon fason pèmanan pou **jiska \$7,500**.

Èske ou genyen kesyon?

Tanpri gade Kesyon yo poze souvan (FAQs) pou jwenn plis enfòmasyon sou ki pwogram travay ki kalifye: <https://nyc.gov/ocss-debt-reduction>.

Mande pwogram travay DSS ou a konsènan "Pwogram Siksè Paran" OCSS oswa kontakte OCSS atravè imel, an pèsòn oswa nan kourye lapòs. Gade <https://on.nyc.gov/contactocss>.